Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 13 (9924) 7 апрель 2023 с. / Рузман 17 Рамазан 1444 с. / багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

# «Чапар» газеталъе-90 сон!

**Аппараталъул иргадулаб данделъиялда**

## ГІадлу-низам цІуниялъул хІакъалъулъ бицана

Гьабулеб ишалъулъ гlадлу-низам ва жавабчилъи цlуни ккола хlасил лъикlаб букlиналъе шартlлъун. Пачалихъиял хъулухъчагlаз тlадкъаял болжалалда, мухlканго ва ракlбацlцlад тlураялъ борцуна хlалтlухъабазул жавабчилъи. Гьелъул хlакъалъулъ гlемер бицуна районалъул администрациялъул данделъабазда.

4 апрелалда, районалъул бетlер Хl.Хl. Мусаевасул нухмалъиялда, тlобитlараб аппараталъул иргадулаб данделъиялда гьоркьор лъурал суалазул аслияллъун рукlана хlалтlулъ низам цlуни ва тlадкъаял заманалда тlуразари гlадал суалал. Гьенир гlахьаллъана районалъул бетlерасул заместителал, управлениязулгун отделазе, учреждениязегун идарабазе нухмалъулел ва росабазул бутlрул. Республикаялъе нухмалъулев Сергей Меликовасул ва районалъул бетlер Хlажимурад Мусевасул тlадкъаял тlураялда сверухъ бугеб ахlвал-хlалалъул гlатlидаб кlалъай гьабуна аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият Хlамзатовалъ.

*- 2023 соналъул байбихьудаса республикаялъул бетlерасул 44 тlадкъаялдаса 1 апрелалде лъебергояб болжалалда ва букlине кколеб даражаялда тlубан буго. 14-яб, болжал щун гьечlолъиялда бан, хал гьабиялдаго буго. Гьезул хlакъалъулъ республикаялъул бетlерасул цlаралда хlисабкьеялъул кагъталги заманалда ритlана.*

*Гьаб соналъул байбихьудаса районалъе нухмалъулес 34 персоналияб тlадкъай кьун букlана. Тlубазабизе болжал щваразул 28-ялдаса 17-яб тlубан буго, 8-яб, рагlа-ракьанде щун тlубачlолъиялъ, бетlерасул халгьабиялдаго тана. Районалъул администрациялъул ва цогидалги идарабазул жавабчагlазул*




*хlисабкьеяздаса бихьула тlадкъаял тlураялъул процент 100-ялде бахун букlин, амма халгьабиялъ бихьизабуна гьел, 61% -лъ гурони, тlуран гьечlолъи.*

*Росабазул администрациязе кьураб 3 тlадкъаялъул хlакъалъулъ кинабгlаги жаваб бачlинчlо. Гьез кинабниги 6 тlадкъай тlубазе кколаан, 2-яб гурони жеги рагlалде бахъун гьечlо. Гlамго гьеб ккола гlицlго 47%,* - ан бицана М.-А.Хlамзатовалъ.

Гьенибго борхана хlалтlулъ гlадлу-низам цlуниялъул суалги. Гlадлу бугел гlуцlабаз тlадкъаялги болжалалда тlурала.

Гьаб соналъул тlоцебесеб кварталалда хlалтlулъ гlадлу хвезабуразул къадар 16 чиясде бахуна. 2023 соналъул 14 февралалда бахъараб №67 Распоряжениялда рекъон, гьезул 10-яв жавабчилъиялде цlана.

Жиндир заманалда хlалтlуда ватичlев 32 хъулухъчиясда актал гьаруна.

Жиндаго тlадаб жо ракlбацlцlадго тlубачlев 2 хlалтlухъанги жавабчиялъиялде цlана.

Араб соналде данде ккун, хlалтlухъабазул гlадлу-низамалъул рахъ гlемерго борхизабизе кlвана. Амма жеги квер щвечlел суалалги хутlун руго.

Гьел суалазда тlасан гьабураб жиндирго кlалъаялда Хl.Хl.Мусаевас аппараталъул нухмалъулелда республикаялъе ва районалъе нухмалъулезул тlадкъаял жиндир заманалда тlуразариялда хадуб кьварараб халкквей букlинабеян лъазабуна. Щибаб моцlалъ рагlалде рахъинаричlел тlадкъаязулги, гьелъие ккарал гlиллабазулги хlисаб кьеянги абуна. Гьединго Хl.Хl. Мусаевас гlуцlабазе ва учреждениязе нухмалъулезул хlалтlулъ дандчlвалел гlоларел рахъазул ва гьелъие гlиллалъун хlалтlулъ гlадлу – низам цlунунгутlи бугин бицана. *«Гьединал хъулухъалъулалгун хlалтlизе нижее бокьун гьечlо»*, - ян кьварун лъазабуна.

Гьаб соналъул тlоцебесеб кварталалда ракьул ва бакlал раялъул отделазул халкквеязул хlакъалъулъ бицана муниципалияб буголъи ва ракьул гьоркьорлъаби хlалтlизариялъул отделалъул начальник М. Эмеевас. Гьесул баяназда рекъон, ракьул закон хвезабиялъул 9 хlужа тlатинабун буго: 7 – ихтияр гьечlого, ракьул бутlа кквеялъул ва 2-ракь битlун хlалтlизабун гьечlолъиялъул.

М. Эмеевасул кlалъаялда тlасан Хl. Хl. Мусаевас гьадин абуна:

*- Лъикl буго. Ракь хlалтlизабиялъул законалде данде кколарел хlужаби тlатинарун руго, бетlергьабазда гьел рихьизарун руго. Хlасилал кинал ккарал? Гьедин хlалтlизе бегьуларо. Щибаб хlалтlул хlасил букlине ккола*,- ян.

Гьоркьор лъурал киналго суалазда тlасан рекъарал хlукмаби гьаруна.

***Динара Батиева***

## РацІцІалъиялъул къо тІобитІана



Лъиениги балъголъи гуро нилъер районалде щвараб рохалилаб хабар, нилъер Мухlаммад аварагасул (с.гl.в.с.) асарал Салатавиялъул ракьалде рачlунел рукlин. Жеги нилъер районалъул тарихалда гьединаб лъугьа-бахъин букlинчlо.

Гьедин районалъул администрациялъул бетlер Хlажимурад Мусаевас гlуцlана оргкомитет ва, тlоцебесеб иргаялда, тlадегlанаб даражаялда асаразда дандчlваялъул суалал цере лъуна. Циндаго хlажат букlана нухазда рацlцlаракъалъи букlинаби.

Хl.Мусаевасул ва районалъул рухlияб идараялъул цадахъаб къотlиялдалъун, 5 апрелалда тlолго районалъулаб субботник тlобитlана. Гьенир гlахьаллъана киналниги росабазул гlадамал. Гьеб букlана жеги киданиги букlинчlеб гlадаб рацlцlалъиялъул къо.

«Архъабаш» участокалдаса Хасавюрт-Дилим-Кьохъ федералияб шагьраялъул Дилималде, хадуб «Гуни-Гъозтала» рикьуде щвезегlан, кlиябго рахъ рищни-къулалдаса бацlцlад гьабуна, ракъварал гъутlби, хъархъал къотlун рухlана, гъутlбузда гач бахана, чурун ва лъухьун, рацlцlад гьаруна Дилималъул къватlал, идарабазулгун жалго гlадамазул минабазул къадал къачlана. «Халкъалъул газа кьурдаги рекlунелъул», цадахъаб хlалтlул хlасил хехго бихьана. Битlахъе тlегьан бачlана сверухълъи.

Гьеб кlвар цlикlкlараб субботникалда гlахьаллъизе районалъул гlадамазул кутакаб гъира букlана, щайин абуни, щивав инсан, гlисиналгун чlахlиял, ралагьун чlун руго хирияв аварагасул (с. гl.в.с.) асарал тlаде щвеялъухъ, ва гьелде хlадурлъиялъе, свак лъачlого, хlалтlулел рукlана.

Тlолаздаго цадахъ субботникалда гlахьаллъана районалъул бетlер Хlажимурад Мусаевги.

*«Жакъа субботникалда гlахьаллъана районалъул киналниги росабазул жигарчагlи, тlолалго идарабазул хlалтlухъаби ва цlалдохъаби, гьел хlалтlулел руго жидее бихьизабураб участокалда. Дица баркала загьир гьабула киналниги гьанир гlахьаллъаразе. Гьединго районцоязде ва тlаде рачlарал гьалбазде дица абилаан, гьаб нилъер берцинаб тlабигlат цlунейилан, нухлул рагlаллъуде, гьединго рохьахъе рищни-къул рехугейилан, щайгурелъул, нилъер ракьалъул бацlцlалъи бараб буго нилъ щивасда»*,-ян абуна Хlажимурад Мусаевас.

Гьединго, субботникалда гlахьаллъаразе баркала загьир гьабун, кlалъана районалъул имамзабазул Советалъул председатель Гlамирали Абубакаровги.

*«Хирияв Мухlаммад аварагасул (с.гl.в.с.) асарал районалде рачlине рукlин лъаралдаса, районалъул щивав чияс хlаракат бахъана гьелъие хlадурлъиялъулъ жиндирго бутlа лъезе. Районалъул администрациялъул кумекалдалъун, нилъер рухlияб идараялъги гьелъие кlвараб хlадурлъи гьабулеб буго. Кутакалда рохарал руго, нилъер районцоял бараб ахlуе жаваб гьабун, жакъа къватlире рахъиналдаса. Гьелъ бихьизабула нилъер цолъиги хирияв аварагасдехун рекlелъ бугеб рокьиги»*,-ян абуна ГlамиргІалица.

Гьабулеб хlалтlудаса рикlкlад чlун гьечlо жамгlиял хlаракатчагlиги, гьезги кlудияб хlалтlи гьабуна субботник гlуцlиялъе ва берцинго иналъе. Гьединаздаса цоявлъун ккола Гуни росдал депутат, жамгlияв хlаракатчи Камал Гlабдулаев.

*«Дир пикруялда, жакъасеб субботник букlине кколеб даражаялда анилан абизе бегьула. Нилъеда рихьана гьенир цогидал росабазул гlадамалги гlахьаллъараллъи, ва гьабулеб ишалъулъ цолъун, цо хъизан гlадин, гьел хlалтlулел рукlараллъи. Дида ккола гьединабго жигаралда, кlудияб хlурматалда нилъеца асаралги къабул гьарилилан. Нилъер тарихалда гьеб кlочон толареб лъалкlлъун хутlизеги буго»*,-ян абуна Камалица.

Субботник лъугlаниги, хlалтlаби къотlизе тун гьечlо. Росдал гlолилаз, къаси-къад чlечlого, гач, лажбар бахун, берцин гьабулеб буго бакl-бакlал. Асарал къабул гьариялъе жеги гlемераб жо хlадур гьабизе ккола.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

Гьаб номералда нужеца цІализе бегьула
гъум. 2 Руччабазе-ифтар
гъум. 3 ТІадаб налъи тІубалаго
гъум. 4 Конкурсы




# КIудияв Расулил рекIел асарал

ГьитIинаб росулъа кIудияв шагIир, жиндир цIаралъ тIолго дунял пана гьабурав ва гьитIинаб мугIрузул улка кибго рагIизабурав.

Нужер щивасда лъалеби батила, кинаб бакI ХIамзатовасул асараз дагъистаниязул ракIазулъ кколебали. Гьесул асаразулъ буго ахIун лъугIичIеб рокьул кечI. Гьес кIодо гьаюлей йиго чIужугIадан ва хасаб, унго-унгояб рокьиялдалъун ахIулеб буго дир Дагъистаниланги. Полеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьезе байбихьилалде, мугIалимасе, цин гьесул асарал цIалани, лъикIаб букIунилан абулеб буго, щайилан гьикъани, Расулил асаразулъ гIадаб патриотизм цоники тIехьалда гьезда батиларо. Гьесул творчествоялъулъ рахьдал мацIалде рокьул бицунеб темаялда хурхарал асаразги кIудияб бакI ккола. Араб гIасруялъул лъеберабилел соназда Расулица цIунанин магIарул мацIан абуни, мекъи ккеларо.

Гьаб сон Расул ХIамзатовасул сонлъун лъазабун букIиналъ, гьоркьор къотIичIого, пачалихъалда гьесул юбилеялда хурхарал тадбирал тIоритIулел руго. Нилъер районги нахъе къан чIун гьечIо.

Гьедин, дагьал церегIан къояз Дубки поселокалда культураялъул рукъалъул ва библиотекаялъул хIалтIухъабаз «КIудияв Расулил рекIел асарал» абураб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана поселокалъул школалъул цIалдохъаби, гьенир ругел идарабазул хIалтIухъаби ва цогидал гьалбал. Данделъи рагьана Дагъистаналъул гимн ахIиялдалъун.

Пенеккаразе кIудияб асар ракIазе гьаруралльун рукIана гIахьаллъараз цIалулел ва ахIулел Расулил кучIдуз.

Библиотекаялъул хIалтIухъабаз ХIамзатовасул гIумрудул ва хIаракаталъул гIатIидаб баян кьуна.

Гьенибго жюриялъ цересел къояз Расул ХIамзатовасул творчествоялдасан тIобитIараб кучIдул рикIкIиналъул конкурсалъул хIасилалги гьаруна, призалъулал бакIал росаразе кьуна сайгъаталги грамотабиги.

Гьединалго данделъаби тIоритIулел руго районалъул цогидал росабалъги. Гьедин, Гуни росдал культураялъул рокъоб тIобитIана *«КочIолаб сордо»*. Гьенир гIахьаллъана жидее Расулил асарал рокьулел ва гьел цIалулел. Культураялъул рукъалъе нухмалъулей Загьра УмалхIатовалъ махщалида хIадурараб гьеб тадбиралда жалго гьалбазги шагIирасул кучIдул рекIехъе цIалана. ПуцIиялда, гIодобиччараб ахIвал-хIалалда ана *«КочIолаб сордо»*. Пенеккаразе кIудияв шагIирасул творчествоялъул гIемерал цIиял хIужаби баянлъана.

*«Дир мурад букIана цIалдохъабазе гуребги, чIахIияб гIелалъеги пайдаяб, гъира базабулеб тадбир гIуцIизе. Гьениб букIараб чIагоъи бихьидал, дун мурадалда щвейги бичIчIана. ЧIахIияб гIелалъ гъираялда рекIехъе рикIкIунел кучIдул рагIидал, гIисиназегицин гIажаибаб асар лъугьана»*,-ян бицана Загьраца.

ХIурматиял газета цIалулел, нижеца Расулил сон байбихьаралдаса, гьениб рагьараб рубрикаялда, гьоркьоб къотIизе течIого, хъвалеб буго гьесул юбилеялда хурхарал макъалаби. Гьанжеялдаса гьарунщинал тадбиразулги, газета гьоркьоб ккун, бицине хIаракатги бахъила.

Расулил гIумру, асарал ва гIадамазул гьездехун бугеб бербалагьи-гьеб кинабго нужехъе щвезаби буго нижер рубрикаялъул аслияб мурад!

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# Руччабазе - ифтар



Аварагасул (с.гI.в.с.) хIадисалда буго: *«Жинца кIал ккурав чиясе гьеб биччазе бащдаб чамасдакIниги ва лъел цо къатIраниги кьурав чиясе, БетIергьан Аллагьас жинцаго гьеб кIал ккурабгIанги кири хъвазе бугилан»*.

Дагьал церегIан къояз Муфтияталъул нилъер районалда бугеб руччабазе рухIияб лъайкьеялъул отделалъ, киналниги идарабазда хIалтIулел руччабазул коллективалги ахIун, тIобитIана мажлис-ифтар.

Гьеб отделалъе нухмалъулей Аминат Аштаевалъ данделъаразе гьитIинаб ва пайдаяб вагIза гьабуна, рамазан моцIалъул хиралъиялъул ва хирияв МухIаммад аварагасул (с.гI.в.с.) гIумруялъул бицана.

Гьелъул рагIабазда рекъон, гьеб данделъи гIуцIиялъул аслияб мурад ккола, гьезда гьоркьоб рокьи ва гьуинлъи цIикIкIин, ва аварагасул хIадисги бугелъул, цо лъикIаб мажлисалъ аза-азар квешал мажлисазул мунагь чурулилан.

Гьеб данделъиялда гIахьаллъарай районалъул администрациялъул аппаратalъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул цIаралдасан Баркалаялъул кагъаталдалъун кIодо гьаюна Аминат Аштаева, ва тIолго районалъул руччабазул рахъалдасан, баркала загьир гьабуна районалда гьабулеб кIудияб ва захIматаб хIалтIиялъухъ.

***Равзанат Эмечова, Дилим росу***

# РЕШЕНИЕ

06. 04. 2023 г. №7/106

с. Дылым

**О внесении изменений в Решение Собрания депутатов «О районном бюджете МР «Казбековский район» на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов»**

В соответствии с Бюджетным кодексом РФ от 31.07.1998 N 145-ФЗ, Уставом муниципального района, Положением о бюджетном процессе и межбюджетных отношениях в МР «Казбековский район», утвержденным решением Собрания депутатов муниципального района от 29 апреля 2010 г. N4/126, Собрание депутатов муниципального района

**РЕШИЛО:**

Внести в Решение Собрания депутатов муниципального района «Казбековский район» № 7/91 от 22.12.2022г. *«О районном бюджете МР* «Казбековский район» на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов» следующие изменения:

1. В пункте 1:

1.1. в подпункте 1 слова *«в сумме 1235255,673 тыс. рублей»* заменить словами *«в сумме 1239832,976 тыс. рублей»* и слова *«в сумме 1080587,173 тыс. рублей»* заменить словами *«в сумме 1085164,476 тыс. рублей»;*

1.2. в подпункте 2 слова *«в сумме 1264691,959 тыс. рублей»* заменить словами *«в сумме 1269325,175 тыс. рублей»;*

1.3. подпункт 5 изложить в следующей редакции:

*«Дефицит районного бюджета МР* «Казбековский район» в сумме 29492,198 тыс. рублей.

Остатки средств на счету районного бюджета по состоянию на 01.01.2023 года направить на покрытие дефицита бюджета муниципального района «Казбековский район» на 2023 год.

7. Настоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

***Глава муниципального района Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

**С полным текстом Решения № 7/106 о внесении изменений в Решение Собрания депутатов «О районном бюджете МР «Казбековский район» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов можно ознакомиться на сайтах администрации МР «Казбековский район» (Kazbekovskiy.ru) и сетевого издания «Салатавия» (Salataviya.ru).**

# РЕШЕНИЕ

06. 04. 2023 г. № 7/107

с. Дылым

**О внесении изменений в решение Собрания депутатов муниципального района от 20.04.2021г. 7/28**

В соответствии с частью 8 статьи 37 Федерального закона от 06.10.2003 №131-ФЗ *«Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»,* статьи 29 Устава муниципального района, в целях совершенствования структуры администрации муниципального района «Казбековский район», повышения эффективного управления деятельностью администрации, Собрание депутатов муниципального района

**РЕШИЛО:**

1. Внести в Решение Собрания депутатов муниципального района «Казбековский район» от 20.04.2021г. №7/28 «Об утверждении структуры администрации муниципального района» следующие изменения и дополнения:

1.1. Исключить из структуры администрации муниципального района *«Отдел информационных технологий и правового обеспечения администрации МР* «Казбековский район».

1.2. Образовать отдел информационных технологий администрации МР «Казбековский район».

1.3. Образовать юридический отдел администрации МР «Казбековский район»

2. Администрации муниципального района привести в установленном порядке нормативные правовые акты, регламентирующие ее деятельность, в соответствии с изменениями в структуре администрации.

3. Настоящее решение опубликовать в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района.

4. Настоящее решение вступает в силу с момента его подписания.

***Глава муниципального района Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

# РЕШЕНИЕ

06. 04. 2023 г. №7/109

с. Дылым

**О досрочном прекращении полномочий депутата Собрания депутатов МР «Казбековский район»**

Рассмотрев заявление депутата Собрания депутатов МР «Казбековский район» от сельского поселения с. Хубар Джабраилова Абдулмутала Маликовича о сложении полномочий депутата районного Собрания депутатов по собственному желанию, в соответствии статьи 27 Устава МР «Казбековский район», Собрание депутатов

**РЕШИЛО:**

1. Прекратить полномочия депутата Собрания депутатов муниципального района «Казбековский район» Джабраилова Абдулмутала Маликовича по собственному желанию.

2. Собранию депутатов сельского поселения «сельсовет Хубарский» в установленные законом сроки, делегировать другого депутата в состав Собрания депутатов МР «Казбековский район».

3. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района.

4. Настоящее решение вступает в силу с момента подписания.

***Председатель Г. М. Гирисханов***

# РекIел асаразул лъугIел гьечIеб нух



Щивасул къисматалъ нилъее, данде рачун, рихьизарулел руго батIи-батIияб нухал, ва нилъеего сапар бухьиналъе нух тIаса бищизе кьун буго бажари. Дида ккола тIолалго нухазда гьоркьоб шагIирасул нух ракI рагьараб ва берцинаб бугилан, щайилан абуни, гьесул берazда дунял бихьула батIияб кьераздалъун, батIияб хIалалдалъун, ва гьев кIалъала батIияб рагIабаздалъун. Цогидал гIадамазда бицун бажаричIебги шагIирас кочIодалъун баян гьабула, ва гьеб унго-унгояб талихI бугилан абила дица.

Киса кирего гIадин, нилъер районалдаги руго шагIирзаби, жидер гьунаралъ ва гъваридаб магIнаялда хъвалел асараз районалъул цIар кибго рагIизабурал. Гьединазул цоявлъун ккола нилъер ракьцояв шагIир, район тун, къватIив гIумру гьабун вугониги, жиндир гьитIинаб ВатIан кIочене толарев , гIагараб районалде ва жиндирго рекIелъ хасаб бакI ккураб Гуни росдаде бугеб рокьул цIа свине толарев МахIач Сурхаев.

МахIач гьавуна 1989 соналда Русланил ва Рукъигатил хъизаналда.

2009 соналда школалда анцIила цо классги лъугIизабун, байбихьана ДГУялъул юридическияб факультеталда цIализе ва лъугIизабуна гьеб багIараб дипломалда.

ШигIрабазул дуньялалде тIоцеве МахIач ккана 2008 соналъ, гIемерал батIи-батIиял кучIдузухъ гIенеккарав МахIачида бичIчIанилан абизе бегьула гьел гьезулъ рагIаби хурхинарун жиндаги бажарулеблъи, ва гьедин, цо гали лъун, кIиго лъун, байбихьана асаразул гIурулъ лъедезе.

*«Дица абила дир тIоцебесеб кечI рокьул хIакъалъулъ хъвараб букIанилан. Щайилан гьикъани, творческияб нухде лъугьаралдаса гIемерал кучIдул хъвана дица, амма рокьул асарал дир рекIее цIакъго гIагарлъанилан абила дица»*,-ян бицана МахIачица.

**ШагIирасул нух захIматаб букIунищ?**

Гьеб суалалъе гьадинаб жаваб гьабуна МахIачица:

*«Дица абила хасаб захIмалъи гьениб букIунарилан. Дагьаб захIмалъи данде чIвала, мун гIадамазулъеги вахъун, дурго гьунар бихьизабидал, щивасе рекъезабизе ккедал. Цо кечI дуца халкъалъухъе щвезабунани, гьелда тIасан баккула щуго пикру ва жиб щуябго батIи-батIияб. Гьединлъидал дида ккола шагIирасда гьеб кинабго бичIчIине ва данде бачине кIвезе ккола»*,-ян.

МахIач Сурхаевасул рагIабазда кучIдул ахIулел руго Дагъистаналда ва, гьеб тун, къватIирехун ругел батIи-батIиял кочIохъабаца, ва жакъа къоялда гьев кочIохъабазе рагIаби хъвалезул мухъилъ бищунго цебесеб кьерда вугев хъвадарухъан вугилан абила дица.

*«КочIое рагIаби хъвазе, битIараб бицанани, дие дагьаб захIмалъула. Щайилан абунани, кечI хъвазе тIаде босаралдаса нахъе, гьеб иш тIубазе ккола духъе вачIарав кочIохъанасул тIалабазда рекъон. Мисалалъе босанани, рекIелъ рокьи тIегьалев шагIирас чанги хъвазе ккола араб рокьул кечI , ва гьединго, рокьул цIа рекIелъ свиндал, хъвазе кколеб буго хIасраталъул цIураб кечI. Гьеб рахъалъ захIмалъани гурони, тIокIаб дида гьедин бицине кIолеб захIмалъи гьечIо»*,-ян.

*«Дир хасал кумекчагIи ва дида квер чIвалел гIадамал ккола дир хъизан ва эбелгун эмен. Гьел руго дир унгоял гьудулзаби, дир кучIдузухъ гIенеккулел ва дир творчествоялъе къимат кьолел гIадамал. Дица абила, гьел рукIинчIелани гьаб жакъа дир бугельул бащдабцин дир букIинароан»*, - илан тIадеги жубана.

Дица дирго рахъалдасан МахIачие, тIоцебесеб иргаялда, сахлъи, къалмил бегIерлъи ва пагьму дагьабги цIубай гьарула. Биччан те гьесул гьунаралъ гIагараб Дагъистаналъул поэзиялъул зодихъ цIияб цIва бакизе.

# Салатавиялъул бахIарчи

Салатавия, кидаго букIана бахIарчиял васазул ракьлъун, ва гьелъие мисалалъе чанги ишалги руго.



Дагьалищ ругел нилъер районалда, жидерго рухIалда барахщичIого, бахIарчилъи бихьизабурал гIадамал. Руго, цIа ккараб рокъоса къватIире гIадамал рахъарал, руго лъелъ гIанкъулел хвасар гьарурал, руго кьурса гъоркье вортарав тIаде вахъиялъ бахIарчийилан цIар щварал цогидал. Дица абила гьездаса нилъ киналго чIухIизе ккола.

ХIатта, район тун, къватIибехун гьез кутакаб къиматалда рагIизабун буго Салатавиялъул цIар, нилъ балагьани, бихьулеб буго гьеб киналъулго гIахьалчагIи гIолилал васал рукIин, гьелъ бихьизабулеб буго, кинаб патриотикияб тарбия щун бугеб нилъер гIолилазе.

Нужеда киназдаго рагIун батила ГъизилЮрт районалъул ракьалда бугеб «Янтарное» абураб хIалхьигьабиялъул базаялда ккараб иш. Гьенисан унеб букIараб «Газель» жанир гIадамалгун кьодаса гъоркье ана.

Рихха-хочарал гIадамал, маршруткаялдаса къватIире рахьине кIоларого хутIана, ва жибго машина дагь- дагьккун лъелъе тIерхьунеб букIана.

Гьеб заманалда гьенив асклов вукIана нилъер районалъул Хубар росулъа гIолилав ХIабиб Мугуев. Гьеб бихьарав ХIабиб, гIумруялда барахщичIого, хехлъи гьабун, лъелъе кIанцIула. Гьедин газелалда жанир хутIарал гIадамал цо-цоккун къватIире рахъула, хадуб гьезие кумекалъе цогидал гIадамал ва тохтурзаби ахIула.

Гьеб рагIарал нижеца, гьелъул хIакъикъат цIехон, Хубаралдаса гьесул классалъе нухмалъулей ХIапизат ГIабдулмажидовнагун ва ХIабиб лъалелгун бухьен гьабуна.

Лъида цIехананиги, лъикIаб рахъалдаса гуреб, гьесул нижее лъицаниги бицинчIо, хасго кIудияб къимат гьесие кьуна гьев цIалараб школалъул мугIалимзабаз.

*«Дица абила, ХIабибил бицине, дие тIубараб кьо кьваригIинилан. Школалде вачIаралдаса нахъе, гьев вукIана кутакалда гIодовиччарав, чIахIиязул адаб-хIурмат бугев, ва лъиего кумекалъе вахъине хIадурав васлъун. Гьесул эбелгун эмен цIикIкIун динияб рахъ ккурал рукIиналъ, школа лъугIизегIан течIого, гьез ХIабиб рухIияб гIелму лъазабизе витIана мадрасаялде. Гьезул хъизамалда руго цо ясги кIиго васги, ва гьезда гьоркьовцин дица абила ХIабиб вукIанин кутакалда гIадлуялъул рахъ ккурав васлъун.*

*ЧIикIаб мадрасаги лъугIизабун, гьев Дилималда бугеб мадрасаялде вачIана, гьеб лъугIун хадубги, Бакълъухъ мадрасаялда цIалана. Гьелда цадахъго спорталъул нухги букIана гьес бачунеб, гьелдеги гьесул кутакаб рокьи букIана.*

*ХIабибица гьабураб гьунаралъул хабаралдаса ниж цIакъ рохана, чIухIиялъул асаралъ рекIеда бакIги ккуна. Нижер кинабгIаги щаклъи букIинчIо, къварилъи, кумек хIажаталъув ХIабиб ватизе вукIиналъул, щайгурелъул гьединал бакIазда хьолбохъан унеб гIамал гьесулъ гьечIо»*,-ян бицана ХIапизатица.

Районалъул жамагIатаз кIудияб баркала загьир гьабулеб буго ХIабибил эбел -инсуе, гьединаб тарбия кьун, битIараб нухда вас гIезабуралъухъ.

Живго ХIабибил бицани, гьев кидаго вукIина росдал ва районалъул гIолохъабазе мисаллъун.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# ТIадаб налъи тIубалаго

### Садам ГIусманович Мирзаханов



гьавуна 1992 соналъ Калининаул росулъ. 2009 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав гьев, 2010 соналъ, тIадаб налъи тIубазе, армиялъул мухъилъе ахIана.

2011 соналъ тIадвуссарав Садам батIи-батIиял ишазда вукIана. Рагъулаб хъулухъалда букIунеб ракIа-рахари, гIадлу-низам, цоцазул тIалабагъаз гьаби, ретIа-къай ва цогидаб лъикIабщинаб берцин бихьарав Садам ракIалъ рагъулаб хъулухъалде тIадвуссинаде цIалев вукIана.

2022 соналъул февралалда Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьарабго, Садам, къотIи-къайги хъван, гьениве ана. БакIазда ккарал тунка-хIусиязулъ бихьизабураб бажариялъухъ ва бахIарчилъиялъухъ гьев Суворовасул медалалдалъун кIодо гьавуна. Цоги, Садамил вац МахIмудги вуго гьебго рагъулаб хъулухъалда.

### Мамедхан Султанович Шарипов



гьавуна 1995 соналъ Ленинаул росулъ, 2011 соналъ росдал №2 гьоркьохъеб школа лъугIарав гьев рукъалъул магIишат цебетIезабиялда тIад хIалтIулел умумузе кумек гьабулев вукIана.

2014 соналъ Мамедхан армиялде ахIана. ТIадвуссун хадув гьев, къотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалъулъе лъугьана. Гранатомётчикасул махщел щварав Мамедхан, Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьарабго, къотIи-къайги хъван, гьениве ана, амма гьенив лъукъана. Гьениб бихьизабураб тIокIлъиялъухъ гьев «*БахIарчилъиялъухъ*» медалалъе мустахIикълъана.

### Джамал Мухтарович Къадиев



гьавуна 2001 соналъ Ленинаул росулъ, 2018 соналъ росдал №1 гьоркьохъеб школа лъикIал къиматаздаги лъугIизабун, Джамал лъугьана юстициялъул министерствоялъул правовияб академиялда цебе гIуцIараб колледжалде.

Гьеб лъугIун хадусан, альтернативияб хъулухъги тIаса бищичIого, къотIи-къайги хъван, гьев рагъулаб хъулухъалъулъе лъугьана. ГьабсагIаталда Джамал вуго Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулезул цебесеб кьерда. Гьенив гьев мустахIикълъана «*Рагъулал тIокIлъабазухъ*» ва Жуковасул медалазе.

### Таслим ХIажиханович ТIагьиров



гьавуна 1996 соналъ ИчкIа росулъ. 2013 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав Таслим лъугьана ДГПУялъул ихтияразул факультеталде. 2016 соналъ, къотIи-къайги хъван, гьев рагъулаб хъулухъалъулъе лъугьана. Гьелъие гIиллалъун букIана гьесул кIудияв вац Назимги рагъулаб хъулухъалда вукIин.

Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьарабго,Таслим гьелъулъ гIахьаллъизе унезул мухъилъе ккана. Гьес гьабсагIаталда тIубазабулеб буго водитель-гранатомётчикасул хъулухъ. Цо ккараб тунка- хIусиялда Таслимица тушманасул техника хвезабуна. Гьелъухъ ва цогидал рагъулал ишал ракIбацIцIад тIуразариялъухъ, Таслим кIодо гьавуна 2-абилеб даражаялъул «*Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ*» абураб медалалдалъун.

***МухIаммадгIазиз ХIамидов***

# Уважаемые казбековцы!

**15 апреля 2023 года исполнится 90 лет с выхода первого номера нашей районной газеты. Первое название было «Казбек колхозчи», затем долгое время «Коммунист» и с 1991 года стала именоваться «Чапар».**

**Торжественное празднование Юбилея нашей газеты планировано на 17 мая текущего года.**

**МБУ редакцией газеты «Чапар» объявлены два конкурса:**

**1. Фотоконкурс «Природа родного края»;**

**2. Детский рисунок на асфальте «Пусть всегда будет солнце!».**

**Для желающих принять участие на конкурсах предоставляем Положения.**

## Положение о фотоконкурсе «Природа родного края», приуроченного к 90-летию районной газеты «ЧАПАР»

**Общие положения.**

Настоящее Положение устанавливает порядок и условия проведения фотоконкурса «Природа родного края» (далее-Фотоконкурс). Фотоконкурс посвящён празднованию юбилея районной газеты *«Чапар»*.

**Цели Конкурса**

1. Активизация творческой деятельности жителей Казбековского района.
2. Реклама уникальной природы Казбековского муниципального района.
3. Привлечение внимания населения к проблемам охраны окружающей среды с помощью художественных средств фотографии.

**Задачи**

1. Формирование и воспитание чувства прекрасного, бережного отношения к природе, ее обитателям.
2. Развитие познавательных и творческих способностей жителей.
3. Формирование активной гражданской позиции и привлечение граждан к участию в массовых мероприятиях.

**Организаторы Конкурса**

Организаторами фотоконкурса является редакция районной газеты *«ЧАПАР»* во главе с руководителем организации, которые утверждают положение о Фотоконкурсе и состав оргкомитета.

**Оргкомитет Конкурса**

Состав оргкомитета конкурса:

-главный редактор газеты "Чапар" - Салимханов И. Б.

-фотокорреспондент МБУ *«Редакция газеты «Чапар»*-Хамидов М.Х.

-фотооператор ЕИЦ-Абужанатов Н.А.

**Участники Конкурса**

В Фотоконкурсе может принять участие как профессиональный фотограф, так и фотограф-любитель.

**Условия и сроки проведения Конкурса**

Фотоконкурс проводится в 3 этапа с 10 апреля 2023 г. по 17 май 2023 г.

**1 этап (регистрация участников и прием работ)** – с 10 апреля – по 10 май 2023 г.

Объявление начала Фотоконкурса. Участники готовят конкурсные работы, направляют их в МБУ *«Редакция газеты «ЧАПАР»*.

К работе прилагается заявка, где должно быть указано: ФИО, возраст, место учебы или работы, название фотографии и номинация, контактный телефон.

**2 этап (отборочный)** – с 10 мая – по 12 май 2023 г. Конкурсные работы предоставляются в оргкомитет конкурса. Подведение итогов Конкурса, выбор победителей, отбор конкурсных работ на фотовыставку.

**3 этап** – Организация и проведение фотовыставки, посвящённой 90-летию газеты "Чапар" - 17 мая 2023 года в 10.00 на базе ЦТКНР с. Дылым.

**Номинации Конкурса**

Фотоконкурс проводится в пяти номинациях:

- *«Заповедные места моей малой Родины»;*
- *«Животный мир»* - фото птиц, зверей, насекомых;
- *«Природа Казбековского района»* - фотографии природы;
- *«Удивительный мир родных рек»* - фотографии рек Сулак, Акташ, Саласу и ее обитателей;
- *«Человек в согласии с природой»* - показ бережного отношения к природе родного края;
- *«Фото - 2023»* - Гран – при Конкурса.

**Требования к представленным работам**

1. На Фотоконкурс принимаются и рассматриваются работы, соответствующие заявленным номинациям и требованиям данного Положения.
2. Представленные на Фотоконкурс работы должны быть сняты лично автором и не могут быть заимствованы из внешних источников.
3. Допускается разумное использование для обработки фотографий графических редакторов для подчеркивания авторского замысла.
4. Место съемки географически ограничено только Казбековским районом.
5. Работы на Конкурс должны быть представлены в печатном виде.

Требования к печатным работам:

- размер фотографий должен быть А4 (297х210);
- работы сопровождаются этикеткой, размером 3х7 см., шрифт Times New Roman, кегль 18.

(Ф.И.О., село, район, номинация, название работы).

6. Организаторы оставляют за собой право перемещать работы в другие категории номинаций без согласия автора.

**Критерии оценки представленных работ**

Представленные на Конкурс работы будут оцениваться по следующим критериям:

- оригинальность сюжета;
- необычный ракурс;
- отражение и раскрытие темы через мастерство фотографии, составление композиции;
- художественные и технические качества работы;
- неожиданность творческого решения;
- общее восприятие.

**Награждение.**

Определение победителей будет осуществляться оргкомитетом.

В каждой номинации определяются первые 3 места. Победители в каждой номинации награждаются дипломами и памятными подарками, призёры - дипломами. Награждение победителей состоится на открытии праздничного мероприятия 17 мая 2023 г.

## Положение о проведении конкурса детского рисунка на асфальте «Пусть всегда будет солнце!»

**1. Общие положения**

1.1 Настоящее Положение определяет порядок проведения Конкурса рисунков на асфальте «Пусть всегда будет солнце!» (далее- Конкурс) в муниципальном районе «Казбековский район», в честь празднования 90-летнего юбилея районной газеты «ЧАПАР».

**2. Цель и задачи**

2.1. Цель Конкурса: создание условий для развития творческого потенциала всех участников образовательного процесса (педагоги, дети) в рамках образовательного пространства.

2.2. Задачи Конкурса:

- раскрытие творческого потенциала, заложенного в детях, через создание художественных образов;
- формирование коммуникативных качеств у ребенка при достижении общих целей в коллективе, путем творческой деятельности, развивающей индивидуальные качества;
- развитие художественно - эстетического вкуса, фантазии, воображения.

**3. Условия участия в Конкурсе**

3.1. Дети рисуют мелом на асфальте рисунки, отражающие тематику Конкурса - *"Солнце"*.

3.2. Конкурс проходит на центральной площади перед зданием ЦТКНР 13 мая 2023 года в 9.30 минут.

3.3. К участию в Конкурсе приглашаются дети и педагоги района.

4. **Критерии оценки**

| № п.\п. | критерии оценки | оценка |
|---|---|---|
| 1. | соответствие теме Конкурса | от 1 до 3 |
| 2. | совместная работа педагога и детей | от 1 до 3 |
| 3. | решение композиции | от 1 до 3 |
| 4. | целостность и завершенность | от 1 до 3 |
| 5. | оригинальность идеи, нестандартность авторского видения темы | от 1 до 3 |
| 6. | качество исполнения | от 1 до 3 |

**5. Жюри Конкурса**

2.2. В состав жюри входят:

- методист ИМЦ Управления образования-Магомедов Х.К.
- методист - художник школы искусств - Лахитов Н.А.
- учитель рисования ДМЛ - Свадрудинова Х.А.

**6. Подведение итогов**

5.1 Оценка жюри состоится в тот же день.

5.2. По результатам конкурса победители (1,2,3 места) награждаются дипломами и памятными подарками.

Награждение проводится на открытии праздничного мероприятия 17 мая 2023 г.

# ГИБДД информирует...

**Уважаемые жители Казбековского района!**

В последнее время увеличилось число дорожно-транспортных происшествий с тяжкими последствиями. Основными причинами совершения указанных дорожно-транспортных происшествий стали выезд в нарушение ПДД на полосу, предназначенную для встречного движения.

Так, 27 сентября 2022 года примерно 10 часов 45 минут на 9 километре 800 метров автодороги Кизилюрт-Буйнакск-Новый Чиркей через Дубки Казбековского района, водитель, управляя транспортным средством УАЗ «Патриот», выехал на полосу, предназначенную для встречного движения и допустил столкновение с транспортным средством ВАЗ-217030. В ходе, произошедшего дорожно-транспортного происшествия с различными травмами в Кизилюртовскую ЦГБ доставлены водитель УАЗ «Патриот» и транспортного средства ВАЗ-217030.

В связи с чем на территории Казбековского района 27 марта 2023 года организовано и проведено профилактическое мероприятие «Обгон». Так, 27 марта 2023 года сотрудниками ДПС выявлено 4 административных правонарушений по части 4 статьи 12.15 КоАП РФ (выезд в нарушение ПДД на полосу, предназначенную для встречного движения. С начала текущего 2023 года сотрудниками отделения ГИБДД ОМВД России по Казбековскому району выявлено и документировано 35 административных правонарушений по части 4 статьи 12.15 КоАП РФ, из которых 2 случая являются повторными. В связи с чем, просим Вас быть внимательнее на автодорогах, соблюдать Правила дорожного движения, думать не только о своей безопасности, но и о других участниках дорожного движения.

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94 **Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев **Набор:** М.М. ХIайбаева **Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова **Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахьизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.** Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00 ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, **Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цIидалги баяназул жаваб авторас кьола**